




# SOVE LAVI YON MOUN AK YON OVÈDÒZ AVÈK NALOXONE



Naloxone disponib kounye a nan kèk  
famasi san yon preskripsyon.


@MyFLFamilies @MyFLFamilies

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou:  
[isaveFL.com](http://isaveFL.com)





# REKONÈT YON OVÈDÒZ



**VERITE: NALOXONE DIRE  
SÈLMAN 30 A 90 MINIT, EPI LÈ  
LI FINI, MOUN NAN KA GEN RISK  
POU W FÈ YON LÒT OVÈDÒZ,  
DONK OU DWE TOUJOU **RELE 911**  
APRE YO ITILIZE LI.**

## PRAN NALOXONE EPI SOVE LAVI YON MOUN

### 1 ESEYE REVEYE MOUN NAN

### 2 RELE 911

### 3 BAY LI NALOXONE

### 4 TCHEKE SI L AP RESPIRE

### 5 RETE AK MOUN NAN JISKASKE SEKOU RIVE

Naloxone se yon medikaman ijans pou anpeche lanmò moun ki fè ovèdòz ak medikaman preskripsyon pou doulè, ewoyin, ak fentanil. Lwa Florida gen dispozisyon ki pwoteje viktim ovèdòz ak nenpòt moun k ap chèche oswa k ap bay èd medikal pouyo pa mennen yo devan lajistis pou yon krim oswa bay yon sanksyon sivil.

*Si yon moun al chèche èd medikal pou yon moun ki gen yon ovèdòz ki asosye ak dwòg epi li fè sa pou ede moun nan, yo p ap mennen li devan lajistis, oswa sanksyone li poutèt li gen yon pwodwi kontwole nan men li si li te jwenn li paske li t ap chèche èd medikal pou moun nan.*  
– FS 893.21(1)

## JWENN ÈD AK TRETMAN

Tretman ak medikaman kapab ede redwi risk pou fè yon ovèdòz, bese sentòm sevraj, epi fè moun nan geri pi byen. Pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon nan tretman, tanpri ale sou: [iSaveFL.com/GetHelp](http://iSaveFL.com/GetHelp).